



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou piblikasyon imedyat : 14 mas 2013

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

“Maten an ajan ki responsab aplikasyon lalwa te rantre nan bilding lan epi, apre yo te tire sou yo, yo te tire api tiye sispè a, Kurt Myers. Ba te gen blese bò kote polisye yo, men te gen yon chen lapolis FBI ki te mouri anba bal. Nou salye kouraj ak efò ekstraòdinè lapolis eta a, FBI, ak ajan ki responsab aplikasyon lalwa nan zòn lan pou yo te ka jwenn sispè a ak epi fini ak eskalad vyolans ka fè san koule sa a. Kounye a, nap pote dèy pou sila yo nou te pèdi nan zak vyolans san sans sa. Nan moman ki pi sonb yo, bravou, bonte, ak espri kominotè Nouyòkè se yon bagay enpresyonan, se sa nou te wè ayè nan Herkimer ak Mohawk lè kominote a te reyini nan moman difisil sa. Panse ak priyè fanmi m ak tout Nouyòkè akonpaye zanmi ak pwòch viktim yo.”

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418